

# Egzanpsyon Timoun pou Patisipan an: Dwa ak Responsabilite yo

Li dokiman sa ak anpil atansyon. Sa yo se **DWA OU YO** kòm patisipan nan Egzanpsyon Timoun la. Sa yo se **RESPONSABILITE W** ou pou chèche jwenn Sèvis ki baze Lakay ak nan Kominote a (HCBS) ak Sèvis Jesyon Sante (Care Management Services).

## Enfòmasyon Enpòtan

- Moun k ap pran swen w lan ap eksplike wòl yo pou ou epi gide w pandan desizyon sou kalifikasyon ak enskripsyon an nan Egzanpsyon Timoun la.
- Moun k ap jere swen w la ap rankontre ak ou chak mwa. Reyinyon sa ap fèt fas-a-fas oubyen atravè telefòn, selon bezwen ou yo.
- Ou DWE resevwa yon HCBS chak mwa pou rete enskri nan Sèvis Egzanpsyon an.

*Jwenn Enfòmasyon kontak prensipal  
Health Home ou an:*

[https://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/program/medicaid\\_health\\_homes/hh\\_map/index.htm](https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/program/medicaid_health_homes/hh_map/index.htm)

## Responsabilite Patisipan/Fanmi yo.

- Konnen dwa ou jan yo dekri l anba a.
- Aprann sou sèvis ou ou kalifye pou yo:
- Kenbe tout randevou yo. Si ou pa ka kenbe yon randevou oubyen w ap anreta, fè founisè k ap ba w sèvis la konnen pi vit posib.
- Bay enfòmasyon ki kòrèk, epi ki gen mizajou sou chanjman ki fèt nan lavi ou.
- Patisipe nan egzamen pou elijibilite HCBS yon fwa pa ane oubyen lè genyen gwo chanjman nan lavi ou.
- Tounen yon patnè ki aktif nan devlope yon Plan pou Swen epi ede ede chwazi sèvis ou bezwen - epi swiv pati pa w nan plan an.
- Bay konsantman w alekri pou manadjè k ap ba w swen an pou l ka travay ak founisè k ap ba w swen an.
- Mande èd si ou pa konprann oubyen bezwen sipò.

## Ou Lib Pou Chwazi

Manadjè k ap ba w swen an dwe ba ou enfòmasyon sou opsyon swen ou genyen.

- Ou genyen chwa ant HCBS oubyen yon etablisman tankou yon lopital, yon etablisman rezidansyèl, oubyen yon mezon retrèt.
- Si ou chwazi yon etablisman, ou pa kapab resevwa HCBS.
- Si ou chwazi HCBS, ou dwe genyen yon manadjè swen atravè yon Health Home oswa Sèvis Evalyasyon Timoun ak Jènjan (Children and Youth Evaluation Services, C-YES).
  - Yon Health Home ap ba ou jesyon swen konplè epi travay ak tout sèvis ou yo.
  - C-YES ap ede ou jere sèvis egzansyon pou timoun HCBS sèlman.
- Si ou chwazi Health Home, ou kapab chwazi ant Ajans Home Health oswa Ajans Jesyon Swen ki nan zòn ou.
- Ou pa kapab chwazi founisè sèvis ou. Manadjè swen ou ap ba ou yon lis founisè sèvis nan zòn ou an. Manadjè swen ou kapab ede ou chwazi founisè ki satisfè bezwen ou yo.
- Ou kapab resevwa sèvis ak jesyon swen konplè nan men diferan ajans oubyen menm ajans lan. Si ou resevwa plis ke yon sèvis, ou kapab travay ak menm founisè a pou tout sèvis yo oubyen ou kapab chwazi diferan founisè pou chak sèvis. Si ou chwazi menm ajans lan ki pou bay plis ke yon sèvis, sonje byen ke ajans sa dwe travay nan pwop enterè ou, asire ke pa gen konfli enterè, epi kontinye ba ou chwa sou sèvis yo epi founisè sèvis yo.
- Ou sipoze chwazi yon manadjè swen epi founisè sèvis ki pi bon pou w.

Manadjè swen ou ap esplike ou opsyon epi revwa **Fòm Chwa Liv** ak ou. Y ap mande ou pou siyen fòm sa a pou konfime chwa ou yo.

*Ou kapab pran pwòp desizyon ou sou swen ou resevwa.*

### Ou Gen Dwa Pou Pote Plent

Si ou gen konplent sou nenpòt sèvis oubyen founisè yo, ou kapab kontakte:

- Founisè HCBS ou
- Chèf Sante Kay la
- C-YES
- Plan ki Jere Swen Medicaid ou
- Nimewo Telefòn Depatman Sante NYS ki Jere Konplent Swen se **1-800-206-8125** oubyen
- Sou entènèt [managedcarecomplaint@health.ny.gov](mailto:managedcarecomplaint@health.ny.gov)

Manadjè swen oubyen Plan Medicaid pou Swen ki Jere ou a ap di ou kòman pou pote plent. Ou ka pote plent aloral oubyen alekri. Si ou pote plent, w ap toujou gen dwa pou benefisye yon Odyans san Patipri.

### Ou Gen Dwa Pou Repòte Abi

Si ou sispèk y ap abize timoun/jèn oubyen maltrete li, tanpri repòte l bay **Sant Ki Anrejistre Timoun Y ap Abize ak Maltrete Nan Eta New York ki nan nimewo 1-800-342-3720**. Liy telefòn sa louvri **24 sou 24**. Plis enfòmasyon sou sitwèb sèvis biwo pou Timoun ak Fanmi yo nan: <https://ocfs.ny.gov/ohrd/ccg/>. Si w gen ijans, rele 911 oubyen lapolis nan zòn ou.

### Ou Gen Dwa Pou Mande yon Konferans

W ap resevwa yon Avi konsènan yon Desizyon (NOD) alekri selon si ou kalifye epi si ou reyisi enskri nan Egzanpsyon Timoun yo. Si ou resevwa yon NOD epi ou pa dakò ak desizyon an, ou kapab mande pou yon konferans. Y ap bay yon nimewo telefòn pou mande pou yon konferans nan paj 1 ki nan NOD la. Si ou ta renmen fè demann pou yon konferans, ou sipoze fè sa pi vit posib epi nan **60 jou**. Pandan yon konferans, w ap kontre ak ekip swen an pou revwa desizyon an. Si desizyon an chanje, w ap resevwa yon avètisman alekri. Si ou fè demann pou yon konferans, ou toujou gen dwa pou jwenn yon odyans san paspouki.

*Si yon founisè chanje sèvis ou epi ou pa dakò ak chanjman an, oubyen si ou pa kontan ak founisè sèvis ou, ou kapab travay ak manadjè swen ou an pou adrese pwoblèm nan.*

### Ou Gen Dwa Pou Mande yon Odyans San Paspouki.

Si ou resevwa yon NOD epi ou pa dakò ak desizyon an, ou kapab mande pou yon odyans san paspouki. Yon Odyans San Paspouki se yon chans pou di jij la poukisa ou pa dakò ak desizyon. Ou ka fè demann pou yon odyans san paspouki menm si ou pat pote plent.

Ou gen **60 jou** soti nan dat ki nan NOD pou fè demann Odyans San Paspouki. Pou ka kontinye genyen sèvis pandan w ap tann odyans san paspouki a, ou sipoze remèt NOD nan 10 jou (yo bay entriksyon nan NOD la). Si jij la detèmine NOD la kòrèk, ou kapab gen pou peye pou sèvis ou te resevwa apre yo bay NOD la.

*W ap jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen pou jwenn odyans san paspouki sa a nan Avètisman pou Desizyon an. Aprann plis sou kòman pou fè demann pou yon odyans san paspouki*

<https://otda.ny.gov/hearings/request/>

*\*\*Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb ki liste yo epi ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon yo, tanpri fè manadjè swen ou konnen epi y ap mete enfòmasyon an sou papye pou ou.*

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Egzanpsyon Timoun yo, al gade nan:

[https://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/redesign/behavioral\\_health/children/info.htm](https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/redesign/behavioral_health/children/info.htm)